Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение
**«СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА «ЛИДЕР»**
**С.СЕРЖЕНЬ-ЮРТ ИМ. МУХАРИ УМАРОВА»**

# Выписка

**из ООП МБОУ «СОШ «Лидер» с. Сержень-Юрт им. Мухари Умарова»**

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

**учебного предмета «Литературное чтение на чеченском языке»**
**для обучающихся 2 классов**
**основного общего образования**
**на 2024-2025 учебный год**

Составитель: Магомадова Т.О.
учитель начальных классов

с. Сержень-Юрт
2024 г.

## КХЕТОРАН КЕХАТ

Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешаран йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран герггарчу хьесапан белхан тIегIанехь програма хIоттийна 2018-чу шеран 3-чу августера Федеральни низам кхочушдарца (№ 317-ФЗ «Россин Федерацехь дешарх» цIе йолчу Федеральни низаман 11-чу а, 14-чу а статьяшкахь Федеральни пачхьалкхан йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран стандартан буха тIехь хийцамаш барх (Россин Федерацин серлонан министерствон 31.05.2021 ш. № 286 «Федеральни пачхьалкхан йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран стандарт чIагIйарх» омра, регистраци йина Россин Федерацин юстицин министерствос 05.07.202I ш. № 64I00) а, Кхетош-кхиоран гергграчу хьесапан программица (чIагIйина йукъарчу дешарехула йолчу ФУМО 2020-чу шеран 2-чу июнехь бинчу сацамца) а догIуш, Россин Федерацехь ненан мотт хьехаран концепци (чIагIйина Россин Федерацин Правительствон 20I6-чу шеран 9-чу апрелехь № 637-р бинчу сацамца) а, РФ-н Серлонан министерствон коллегис 20I9-чу шеран I-чу октябрехь чIагIйина йолу Россин къаьмнийн ненан меттанаш хьехаран концепци а, ГКУ «Нохчийн меттан институтан» Iилманан кхеташоно, I2.05.2022 шеран №3 йолу протоколаца чIагIйина Нохчийн мотт а, нохчийн литература а хьехаран концепци а тидаме а оьцуш.

Иштта кху кехатан низаман бухе диллар ду: Россин Федерацин Конституци, Нохчийн Республикин Конституци, I99I-чу шеран 25-чу октябрехь тIеэцна долу «Россин Федерацин къамнийн меттанех» долу Россин Федерацин низам, 2007-чу шеран 25-чу апрелехь N I6-РЗ **тIеэцна долу** «Нохчийн Республикин пачхьалкхан меттанех» долу Нохчийн Республикин низам а, «Россин Федерацехь дешарх» долу ФН № а, 20I4-чу шеран 30-чу октябрехь № 37-РН тIеэцна долу «Нохчийн Республикехь дешарх» низам а.

Нохчийн мотт – нохчийн къоман мотт бу, оьрсийн маттаца цхьаьна Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт а бу, цу гIуллакхо дика хьелаш кхуллу и мотт Iалашбан а, кхион а. I-4-чу классашкахь «Ненан мотт а, ненан литература» а предметан декъехь хьоьхуш йу ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар, иза тIехьажийна йу дешархойн кхетаман-довзаран, хьасене хиларан, исбаьхьаллин-эстетикин таронаш кхион а, гIиллакх-оьздангаллин мехала болу хьежамаш кхолла а, бер нохчийн къоман культурина тIеозон а.

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» предмет – гуманитарин дешаран коьртачех цхьа предмет йу, цо адам кхиаран кхетаман а, гIиллакх-оьздангаллин а тIегIа билгалдо. Литературин дешаро гIо до йешаран а, литература талларан а мехалла а ша кхидIа кхиарехь мел ладаме ду хууш а, шена хетачун бух балон а, барта а, йозанца а шена хетарг охьадилла хууш а волу йешархо кхион а; хIара дуьне а, кху дуьненахь ша а вовзаран гIирс санна, йешар оьшуш хила а, стеган а, йукъараллин а йукъаметтигаш шера хилийта а.

Программо йукъалоцу кхеторан йоза а, предмет дIалацаран хила лерина жамIаш а, предметан чулацам а, программин хIора дакъа Iамон лерина долу сахьташ билгал а дохуш, тематикин планировани а, дарсел арахьарчу гIуллакххийн план а.

ХIара программа лерина йу ненан (нохчийн) меттан а, литературин а хьехархошна «Ненан (нохчийн) литература» предметана дешаран а, белхан а программаш хIиттон бухе йилла. Авторийн а, белхан а программаш йазйечеран йиш йу дешаран материал дIакхачорехь, хIотторехь а, сахьташ теманашка а, дакъошка а декъарехь шайна зеделлачух пайдаэца.

## «НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТЕРАТУРНИ ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЙУКЪАРА ХАРАКТЕРИСТИКА

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» дешаран предметан герггара белхан программа кечйина йу йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран программа кхочушйечу хьукматашна. Программа тIехьажийна йу дешаран хьукматашна а, хьехархошна а методически гIо дарна, цо таро лур йу:

1) «Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» дешаран предмет хьехаран процессехь Федеральни пачхьалкхан йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран стандарташкахь билгалдина долу адаман кхиаран, метапредметни, предметни дешаран жамIаш кхузаманан лехамашца догIуш кхочушдан;
2) «Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» дешаран предметан Iаморан хила лерина жамIаш а, чулацам а ФГОС НОО а; йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран герггарчу хьесапан коьртачу

программица (йукъарчу дешарехула федеральни дешаран-методически цхьаьнакхетараллин 20I5-чу шеран 8-чу апрелехь № I/I5 протоколаца йинчу редакцехь) а; кхетош-кхиоран герггарчу хьесапан программица (магийна йукъарчу дешарехула федеральни дешаран-методически цхьаьнакхетараллин 2020-чу шеран 2-чу июнехь № 2/20 протоколаца бинчу сацамца) а догIуш, дешаран шерашца билгалдан а, структура хIоттон а;

3) Билггалчу классан башхаллаш тидаме а оьцуш, билггала долу дакъа-тема Iамон лерина дешаран хан а нисйеш, ткъа иштта дешаран материалан дакъош/теманаш дIалацарна тIехьажийна долу дешаран гIуллакхийн коьртачу кепех а пайда а оьцуш, календаран-тематически план хIоттон.
Программин чулацам тIехьажийна бу «Ненан мотт а, ненан маттахь литературин йешар а» предметан декъана йолчу йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран коьрта программа дIалацарна Федеральни пачхьалкхан йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран стандарташкахь билгалдинчу тIедахкарийн (тIедожор) жамIашка кхача.

«Ненан мотт а, ненан маттахь литературин йешар а» предметан декъана йолчу йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран коьрта программа дIалацарна ФГОС НОО тIедахкаршца догIуш, курс тIехьажийна йу Россин Федерацин культурин экъанехь ненан меттан литературин меттиг а, роль а муьлха йу а, историко-культурин, оьздангаллин, эстетическин мехаллаш Iалашйарехь а, цхьана тIаьхьенера вукху тIаьхьене дIакхачорехь а лоцучу декъах а кхеторна; Россин Федерацин субъектан культурин а, гIиллакх-оьздангаллин а, эстетикин а йуьхь кхолларехь къоман фольклоро а, исбаьхьаллин литературо а лоцучу декъах йуьхьанцара хьежам (хаарш) кхолларна а; ненан меттан литература къоман культурин дахаран довзаран цхьа коьрта дакъа а, къоман а, Россин а культурин хилам а, оьздангаллин мехаллаш а, ламасташ а лардаран гIирс а, дуьнене а, къоман историга а, культурига а хьежам а хиларх кхетам кхолларна а, ненан маттахь йешаран лехамаш хиларна а.

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» курсан бухе йиллина нохчийн литературо чулоцург къоман культурин ламастийн мехаллийн кодийн система йу боху ойла йу. Нохчийн къоман культурин ламасташ Iалашдаран гIирс хилла ца Iаш, нохчийн литература зIе йу къоман дIадаьлларг, карарниг, хиндерг вовшашца дузуш а, кегийчу дешархойн кхетаме и дуьллуш а.

## НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТЕРАТУРНИ ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТ IАМОРАН IАЛАШОНАШ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» предмет Iаморан **Iалашонаш** йу:

- Нохчийн литературе а, нохчийн матте а къоман культурин мехалчу декъе санна ойла кхолла;
- Дешархой шайн къоман культурин-меттан экъанна йукъабалор а, уьш къоман ламасташна а, культурин тIаьхьалонна а, кхузаманан хьелашна а йукъаозор;
- Чкъурашна йукъарчу зIенах кхетар, нохчийн культура Iалашйарна шаьш жоьпалле хиларх ойла кхиор;
- Йешаран говзалла кхиор.

Цу Iалашонашка кхачаро хIара **декхарш** цхьалхадоху:

- Россин гражданаллин идентичностан баххаш кхоллар, шайн Даймахках а, Россин халкъах а, Россин халкъийн цхьаалехь мехкан историех а дозалла дан Iамор, шаьш муьлхачу къомах ду кхетор; Россин дукхакъаьмнийн йукъараллин мехаллаш кхоллар;
- Нохчийн къоман историко-культурин зеделлачун тIалам бан Iамор, дешархочунна шен къоман культурин-меттан хьал довзийтар; йуьхьанцарчу классийн дешархочунна нохчийн литература историко-культурин, оьздангаллин, эстетикин мехаллийн хьоста санна йезайалийтар;
- Нохчийн литературехь гайтина йолчу нохчийн синкхетамна ладаме йолчу гIиллакз-оьздагнгаллийн мехаллех хьежам кхоллар;
- Нохчийн литературин говзарш Iаморан буха тIехь нохчийн меттан исбаьхьаллин-эстетикин таронех хаарш совдахар;
- Адаман амал кхиарехь а, къамел шардарехь а даима йеша хьагам кхоллар;
- Тайп-тайпанчу текстийн чулацаман а, башхаллин а мах хадоран йешаран хаарш шардар, уьш йийцаре йарехь дакъалацар;
- Къамел даран йерриге а кепаш кхиар, йешначух лаьцна барта а, йозанца а дийца хаарш карадерзар.

## «НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТЕРАТУРНИ ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ДЕШАРАН ПЛАНЕХЬ МЕТТИГ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» предметана программа йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартехь гайтинчу дешаран программа дIалацаран жамIийн предметни лехамийн буха тIехь хIоттийна а, 270 сахьтан (66 сахьт I-чу классехь а, 68 сахьташ 2—4-чу классашкахь) бараман дешаран йукъарчу тIедилларна лерина а йу. Программин инвариантни дакъа Iаморна луш дешаран 233 сахьт ду. 37 дешаран сахьтах лаьтташ йолу дешаран тIаьхьалонан хан программин вариативни декъана дIало, цо йукъалоцу авторийн Iаматийн линейкина оьшу белхан программа хIоттийнчу авторша къастийна говзарш.

## «НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТЕРАТУРНИ ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ГЕРГГАРА БЕЛХАН ПРОГРАММИН ЧУЛАЦАМАН КОЬРТА ЛИНИШ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» дешаран предметан программехь белла чулацам бу, и теллича нохчийн литературин къоман-культурин башхалла а; нохчийн меттан а, нохчийн литературин а Нохчийн Республикин а, Россин а историца, нохчийн къоман материале а, синбахаман а культурица а йолу зIе а йаста некъ лур бу. Курс лерина йу йуьхьанцарчу классийн дешархойн литературин а, культурин а хьежам шорбан; йуьхьанцарчу классийн дешархойн йешаран жигарчу гонна йукъайогIучу фольклоран а, нохчийн классикийн а, нохчийн кхузаманан литературин а говзарша таро ло дешархошна адамаллин мехаллашкахь нохчийн культурин а, къоман синкхетаман а коьртачу баххех кхетам бала. Йуьхьанцарчу классийн дешархошна йеша а, талла а схьакховдийначу нохчийн литературин говзарша схьагойту нохчийн къоман культурин тайп-тайпана агIонаш, жигарайоху даимлера мехаллаш (дикалла, доглазар, синшорто, къинхетам, эхь-бехк, бакъдерг, доьзалан мехаллаш, патриотизм, баккхийчаьрга ларам, адамалла, и. кх.дI.).

Кху программехь «Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» курсан башхалла кхочушйина кху бахьанашца:

а) нохчийн къоман амал, Iадаташ, ламасташ, нохчийн культурин синбахаман мехаллаш, адамаллин мехаллаш а, эхь-бехк а гойтуш долу говзарш схьахаржарна;

б) нохчийн йаздархойн нохчийн бераллин дуьне гойтучу говзарш тIе тидам бахийтарна: доьзалехь бер кхетош-кхиоран башхаллаш, баккхийчаьрца а, нийсархошца а цуьнан йолу йукъаметтигаш, беро

шена гонахара дуьне тIелацаран башхаллаш.

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» Iаморо гIо дийр ду дешархойн мотт хьал долуш барна а, церан къамелан культура а, хьасене бовларан хаарш шардарна а. Шена тIехь программин проблемно-тематически блокаш хIитточу дидактически материалана культурно-исторически тIедалорах а пайдаоьцу. ХIора проблемно-тематически блока йукъайогIу нохчийн къоман синбахаман а, материале а культура гойтуш болу кхетамаш. Программехь йеллачу говзарийн чулацам йуьхьанцарчу классийн дешархочун лехамашна гонаха хIоттийна бу, хьаржинчу говзарийн башхаллашкахь гуш а бу.

## «НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТАРЕТУРНИ ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЧУЛАЦАМ

1.«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» курсан чулацам билгалбечу хенахь коьртачу тидамехь ду:Къоман кхетамна мехала долу, йеххачу хенан йохалла — кхузамане кхаччалц – культурехь коьрта меттиг дIалоцу хIуманаш (масала, баккхийчаьрга, нене ларам, Даймахке безам, догдикалла, доглазар, нийсо йезар, эхь-бехк, сий, и.кх.дI.) Цу коьртачу кхетамашца болх дIахьо йуьхьанцарчу классийн дешархоша дIалоцур долчу кепара хаьржинчу нохчийн йаздархойн уггаре а къегинчу, нохчийн литературин а, культурин а башхаллаш кхочушйинчу говзарш тIехь. И говзарш йовзаро гIо до йуьхьанцарчу классийн дешархошна къоман культурин ламастех а, нохчийн культурех а кхета.

2. Йуьхьанцарчу классийн дешархойн лехамаш: говзарийн доккхачу декъан турпалхой йуьхьанцарчу классийн дешархойн нийсархой бу, церан дуьне довзарца босту программехь билгалбина культурно-историн кхетамаш. Программи йукъайахийтина тайп-тайпанчу заманашкахь берийн дуьне гойту а, церан кхиаран некъаш а, амал йахчайалар а, оьздангаллин къилбанаш кхолладалар а гойту говзарш; говзарш харжаро дешархочунна таро ло историн тайп-тайпанчу муьрашкахь нохчийн культура шен нийсархочун бIаьргашца ган. Программехь ладамечу барамехь йелла кхузаманан авторийн говзарш а йу, цара шайн кхоллараллехь кхидIа хьо нохчийн литературин къоман ламасташ, и говзарш кхузаманан дешархочунна гергара йу.

3. Къоман башхаллин хиламаш искусствон кхечу гIирсашца гайтина говзарш а хаьржина, цо таро ло дешархошна нохчийн культурехь искусствийн диалог гайта.

Цхьадолу декхарш кхочушдан лерина дешаран материал хаьржина гуманизнам, исбаьхьаллин а, довзаран а мехаллийн, кхеташ хиларан, жигараллин, поликультурин, ламасталлин классикин а, кхузаманан бараман цхьаьнадаран, тематикин, кепийн-жанран тайп-тайпаналлин критеришца йогIуш.

Программо билгалбечу йешаран гуоно таро ло тайп-тайпанчу хенийн а, къаьмнийн а говзарийн куьзганахула беран дуьненехьежаман гураш жим-жимма шордан.

Программехь и масех бухедилларца билгалбо. Хьалхара шиъ доьзна ду йешаре ойла а, йешаран техникин хаарш кхиоран хьелаш а кхолларца. Иштта, и хаарш кхиоран йуьхьанцарчу муьрехь уггаре а хьалхарчу рогIехь йу байтийн а, прозин а йух-йуха олуш дешнаш, дешнийн цхьаьнакхетарш предлодженииш, абзацаш йолу тексташ (йешаран техникин говзалла кхиочу хенахь мехала долчу йешаран кхиаме хилар тардалийтаран Iалашонца); ткъа иштта кхиаме ду забаре чулацам болу сихха хазахетар йа велар кхолладолуьйту тексташ лелор а, (хIунда аьлча, цу хенахь забар йевзаш хиларо эстетикин синхаамаш гучубахар кхиадо) йешаран мукъам кхиоран Iалашонца. Дешаран хIора шеран тексташ схьахаьржина йу цу хенан берашна тIелаца ата хилар тидаме а оьцуш. Текст схьахаржаран кхидолу бухедахкарш доьзна ду исбаьхьаллин дешан фольклорна кепашкара авторийн литературе кхаччалц кхиаран логика ларйаран цаторийла хиларца; билггала долу оьздангаллин а, эстетикин а декхарш кхочушдан цаторийла хиларца, царах коьртаниш билггал йолчу оьздангаллин-эстетикин концепцига доьрзу, и концепци дешара деа а шарахь кхиош схьайалайо; жанрийн а, тематикин тайп-тайпаналла хилийтаран кхачойаран а, фольклоран а, авторийн говзарийн а, вайн мехкан а, дозанал арахьарчу йаздархойн говзарийн а, берийн литературин классикийн а, XX-чу бIешеран чаккхенан – XXI-чу бIешеран йуьхьан кхузаманан берийн йаздархойн говзаршна йукъахь а барам ларбаран а цаторийла хиларца.

Йешаран гIуллакх кхиоран процессан чоьхьарчу логикица доьзна, «Литературни йешар» курс шинатIегIанехь хIоттийна йу.

Хьалхарчу тIегIанехь хьалхадаккха дезарг йешаран корматалла шарйар ду, шолгIачу тIегIанехь – дешархошна литературин говзалла карайерзор. I-2-чу классашкахь йеша Iамадо; кхетар тIехь, нийса йешарна, сиха а, къаьсташ а йешарна тIехь болх; йешначун кхолларалин маьIна дан тайп-тайпана некъаш кхиор (графикин, дешан а, музыкин а иллюстрировани, драматизаци, ма-йарра а, йукъ-йукъара а, кхолларалин йухасхьайийцар). Цуьнца цхьаьна йуьхьанцарчу классашкахь дIаболабо йуьхьанцарчу классийн дешархойн литературин дешара тIехь болх.

«Литературни йешар» предмет Iаморан шолгIа тIегIа 3-4 классашна кхочу, цигахь йеша хааро зазадоккху, эстетикин йешаре а, талламан йешаре а декъа а луш.

«Литературин йешар» программа хIотточу хенахь тидаме эцна школал хьалхьалхарчу педогогикин а, йукъарчу йукъардешаран школашна леринчу «Нохчийн литературехула герггарчу белхан программин» зIейалорах а.

Программо таро ло йалийнчу спискера говзарш дешархойн кечаман тIегIанца догIуш харжа, ткъа иштта курсан чулацаман вариативни компонент харжа а, белхан программашкахь и кечйаро могуьйту тематикица а, проблематикица а герга йолчу говзаршкахь къоман башхаллаш а, йукъара дерг а къасторан Iалашонца Россин халкъийн литературе кховдар. Ткъа иштта программо таро ло Iаматийн авторшна йа дешаран цхьаьнакхетараллашна вариативни декъехь Iамон говзарш харжа.

## ШОЛГ1АЧУ КЛАССЕХЬ IАМОРАН ПРОЦЕССАН ГIУЛЛАКХАЛЛИЙН ХIАРА ТIЕДУЗАРШ ДУ

**ЛадогIар**

Нохчийн меттан хьоле хилар а, къоман культурин мехаллаш а гойтуш йолу исбаьхьаллин говзарш лерсица схьалацар а, царах кхетар а; лерсино схьалаьцначу текстах лаьцна деллачу хаттаршна жоьпаш дала хаар а, лерсино схьалаьцначу текстан чулацамца хаттарш дан хаар а.

**Йешар**

*Хезаш йешар.* Дешдакъошца йешарна тIера жим-жимма довлуш дийнна дешнаш шера а, кхеташ а деша хаарна тIедовлар (текстах кхета таро лучу йешаран индивидуальни боларца догIуш йешаран чехкалла (масалла). Йешаран орфоэпически барамаш ларбар. Кепана а, тайпанна а цхьатера йоцучу текстийн маьIнийн башхаллаш аз айдеш хийцарца схьагайтар.

*Дагахь йешар*. Барамца а, жанраца а тIелаца аттачу говзарийн маьIнех дагахь йоьшучу хенахь кхетар. Йешаран тайп-тайпанчу кепийн башхаллех кхетар.

*Халкъан барта кхолларалин говзарш йешар:* нохчийн фольклоран текст къоман ламастийн а, мехаллийн а хьоста санна.

*Исбаьхьаллин говзарийн тексташ йешар,* шайна чохь бIеннаш шерашкахь схьайеана йолу къоман синкхетамна ладаме йолу гIиллакх-оьздангаллин мехаллаш а гойтуш йолу: Даймахке безам, тешам, нийсо, сий, къинхетам, догдикалла, догцIеналла, къинхегамна тIера хилар, бакъо, майралла, и. кх.дI. Нохчийн къоман ламасташ: цхьаалла, вовшийн гIо дар, хьаша-да тIелацар, и. кх.дI. Доьзалан мехаллаш: баккхийнаш ларар, «нана», «да», «дада», «баба», «йиша», «ваша» бохучу дешнийн мехалла, вовшийн ларар, безам, вовшех кхетар, терго, собар, да-нана ларар. Нохчийн литературехь халкъан ламасташ а, Iадаташ а гайтар.

*Нохчийн бераллин дуьне:* кхиар, гонахарчу дуьненаца, баккхийчаьрца, нийсархошца йолчу йукъаметтигийн башхалла; ша нохчийн Iадаташ дIакхоьхьург а, орамашца зIе а хиларх кхетар. Турпалхойн леларийн синхаамийн-оьздангалилн мах хадор.

Нохчин литерурин башхаллех кхетар: турпалхочун чоьхьара дуьне деллар, цуьнан лазамаш бовзар; оьздангаллин проблемашка кховдар. Iаламан дуьненах болу нохчийн къоман поэтически хьежам (малхе, арене, хьуьне, хига, ломе, дитте, дийнатийн дуьнене, и.кх.дI.) нохчийн поэзехь а, прозехь а. Гонахарчу дуьненан хьал адаман синхаамашца дустар.

*Хаамийн тексташ йешар*: говзаршна историко-культурин комментарий, Iамочу говзарийн авторийн биографех къаьстина хаамаш.

**Къамел дар (къамел даран культура)**

*Диалоган а, монологан а къамел.* Йешна тексташ коллективехь йийцаре йарехь дакъалацар, текстана тIе а тийжаш, шен хьежам тIечIагIбар; нохчийн исбаьхьаллин литературин специфика гойтуш долу аларш. Дешнийн тIаьхьало йузар (дешнаш хаар тIедузар). Хезна йа йешна йолу текст коьртачу дешнашна а, текстана йолчу иллюстрацишна а тIе а тийжаш, схьайийца (текст ма-йарра, йоцца,

харжамца схьайийцар).
Дешаран хьелашкахь къоман къамелан культурин бухехь йолу гIиллакхан кепаш а, чIагIйелла формулаш а, хьасене хиларан принципаш а ларйар.
Дешархойн харжамца байташ дагахь йийцар.

**Йоза (йозанан къамелан культура)**

Iамочу говзаршкахь хIиттийнчу проблемашкахула доцца йозанан аларш кхоллар (кечдар).

**Библиографин культура**

Йийцаре йечу проблематикица йогIу киншкаш харжар, цу йукъайогIу Iаматехь йалийна йолу шаьш йеша билгалйина говзарш. Нохчийн культурех хаамаш болу дешархойн хенаца йогIучу дошамех а, энциклопедих а пайдаэцар.

**Литературоведенина йукъадалор**

Текстан анализ йечу хенахь Iамийнчу литературин кхетамех пайдаэцар.
Iамочу говзарийн жанрийн тайп-тайпаналла: фольклоран кегий а, йаккхий а кепаш; литературин туьйра; дийцар, притча, байт. Прозин а, поэзин а къамел; исбаьхьаллин кхоллар; сюжет; тема; говзаран турпалхо; портрет; пейзаж; ритм; рифма. Дустарийн а, метафорийн а къоман шатайпаналла; исбаьхьалин къамелехь церан маьIна.

**Дешархойн кхоллараллин гIуллакх (Iамийнчу литературин говзарийн буха тIехь)**

Дешархойн кхоллараллин гIуллакххехь литературин говзаран маьIна дар: ролашца йешар, инсценировка йар; хьасене хиларан декхарш тидаме а оьцуш (тайп-тайпанчу адресаташна) исбаьхьаллин говзаран буха тIехь шен барта йа йозанан текст кхоллар; говзарна йолчу иллюстрацишна, нохчийн художникийн суьртийн репродукцишна тIе а тийжаш.

**2-Г1А КЛАСС**

**ТЕМАТИКИН БЛОКАШ**

**Даймехкан 1алам. Аьхке.Гуьйре.**

Аьхке дагалацар..
Ч1ерий дахар.
Д.Кагерманов «Дог1а дар»,
«Гуьйренан тидамаш»,
Демеев И. «Г1а»,
Бианки В. «Чено к1орнеш лийчор».
Э.Мамакаев «Гуьйренан 1уьйре».

**«Г1иллакх-оьздангаллех лаьцна»**

Дений, нанний дика хилар.
В.Осеева «К1ентий»
Э.Мамакаев «Нана» В.Осеева «Йоккха стаг»
1Ц1ена хи .Ц1ена хила вай?
Харцлийна 1у. Х1ума яар. Пайх1амаро нийсонах лаьцна аьлларг
1-Хь.Хатуев «Г1иллакх».
Б.Дикаев «Берашка-сайн доттаг1ашка»
Талламан болх хьалхарчу чийрикна лерина.

**Берийн дахар.**

Ж.Махмаев «Маликатан доттаг1ий».
Т.Ахмадова «Нура»»
З.Муталибов «Дешархойн къийсадаларш».
1.Гайсултанов «Доллучун шен хан ю».ъ
П.Абубакарова «Дешнех ловза»

**Вайн доттаг1ий-дийнаташ.**

Х.Берсанов «Бексолтин алаша.
Ж.Махмаев «Ши к1еза»
Хь.Саракаев «Борзик»,
Э. Мамакаев «Тхан пису»

Э.Мамакаев «Акхарой долчохь»
Ш.Макалов «Дехкий дийна муха дисира».
А.Тапалаева « Массарна дерг-ловзар»
Хь.Саракаев «Х1орш х1ун ю?».

**Болх-доккха хазахетар**
Талламан болх шолг1ачу чийрикна лерина
З.Муталибов «Муьлхха а болх оьшуш бу»..
Ж.Махмаев «Маликат».
1.Гайсултанов «Пхьола».
Кагерманов. «Говзанчаш
Х.Ошаев «Ши накъост »
Г.Балл «Цхьана меттехь ца соцу мало».
**1а**
1.Мамакаев «1а»
Э.Мамакаев «Керла шо»
Туьйра «1аьнан оьг1азло»
Ж.Махмаев «Салазаш хахкар»
Хь.Саракаев «Дарц».
Д.Кагерманов Г1ура-дада».
Хь.Саракаев «Х1ара маца хуьлу

**Вайн Даймохк**
«Нефтах х1ун йоккху?».
1адиз Кусаев «Сан г1ала»
«Хиш» «Вайн хиш чохь хуьлу ч1ерий»
«Ж.Махмаев «Машар»

**Б1аьсте,б1аьсте еъна кхечи**
Хь.Сатуев «Вайн бераш»
Талламан болх кхоалг1ачу чийрикна лерина.
Л.Н.Толстой «Б1аьсте»
Хь.Саракаев «Х1ун ю иза?».
Гайсултанов «Б1аьста хьуьнхахь».
Д.Кагерманов «Алкханчаш»,
В.Бианки «Пхьагал дитта т1ехь»
«Муха дог1а деза синтар»
Д.Кагерманов «Со а воьду»
Н.Носов «Хорсамах лаьцна»
Н.Носов «Хорсамах лаьцна»

**Нохчийн халкъан барта кхолларалла**
Цициггий, дахкий(берийн ловзар)
Киצанаш
Х1етал-металш
Чехкааларш,
Дагардарш
«Майра пхьагал»
«Цаьпцалггий, зингаттий»
«Газа-гуьзалггий, сира борззий»
«Зуй, пхьагаллий»
Талламан болх доьалг1ачу чийрикна лерина.
«Цхьогаллий, пхьагаллий»
«Борззий, цхьогаллий,ломмий»

**НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРИН ПОУРОЧНИ ПЛАНИРОВАНИ**

**2 класс**

| № п / п | Урокан тема | Сахьтийн барам | | | Терахь | Электронни дешаран ресурс |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Сахьт | Талламан белхаш | Кхолла раллин белхаш | | |
| 1. | **1.Демеев. «Нохчийчоь»** | 1 | 0 | 0 | 03.09. | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 2. | М. Ахмадов «Жайна» | 1 | 0 | 0 | 05.09. | https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 3. | Дагардарш. Чехкааларш. | 1 | 0 | 0 | 10.09. | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru |
| 4. | Х1етал –металш.Кицанаш | 1 | 0 | 0 | 12.09. | https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 5. | Туьйра , туьйра хилла боху. | 1 | 0 | 0 | 17.09. | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 6. | Бабин Ч1ирдиг. | 1 | 0 | 0 | 19.09. | https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 7. | Зуьно дина х1илла. | 1 | 0 | 0 | 24.09. | https://desharkho.ru/ https://urok95.ru |
| 8. | Газа-гуьзалгаш. | 1 | 0 | 0 | 26.09. | https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 9 | Самукъане аг1онаш **Хаарш зер.** | 1 | 1 | 0 | 01.10. | https://desharkho.ru/ https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 10 | Ш.Макалов. Соьлжа –Г1ала. | 1 | 0 | 0 | 03.10. | https://desharkho.ru/ https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 11 | Ш.Хасаров. Стиглаг1ала. | 1 | 0 | 0 | 15.10. | https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 12 | С.Яшуркаев. Светофор. | 1 | 0 | 0 | 17.10. | https://desharkho.ru/ https://urok95.ru |
| 13 | Хаарш зер.Проект. «Сан г1ала» | 1 | 0 | 1 | 22.10. | https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 14 | **Ш.. Макалов Гуьйре.** | 1 | 0 | 0 | 24.10. | https://desharkho.ru/ https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 15 | **М.Сейлмуханов. Деса 1алам.** | 1 | 0 | 0 | 29.10 | https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 16 | **А.Тапалаева . Малонча.** | 1 | 0 | 0 | 31.10. | https://desharkho.ru/ https://urok95.ru |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 17 | **Х.Батаева. Гуьйре.** **.** | 1 | 0 | 0 | 05.11. | https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 18 | **Рифма.** | 1 | 0 | 0 | 07.11 | https://desharkho.ru/ https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 19 | **П.Абубакарова . Дешнех ловзар. Хааршзер** | 1 | 1 | 0 | 12.11 | https://desharkho.ru/ https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 20 | Ш.Макалов.Стела1ад. | 1 | 0 | 0 | 14.11 | https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 21 | Л.Толстой. Х1орда чуьра хи стенга доьду? | 1 | 0 | 0 | 26.11 | https://desharkho.ru/ https://urok95.ru |
| 22 | 1.Юсупов.Дита хьоза. | 1 | 0 | 0 | 28.11 | https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 23 | Бераша олу. Стела1адан дошам. | 1 | 0 | 0 | 03.12 | https://desharkho.ru/ https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 24 | Хааршзер.Проект «Стела1ад» | 1 | 0 | 1 | 05.12 | https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 25 | **А.Сулейманов. Нана.** | 1 | 0 | 0 | 10.12. | https://desharkho.ru/ https://urok95.ru |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 26 | **1.Гайсултанов Б1оба эккхор.** | 1 | 0 | 0 | 12.12. | https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 27 | **1.Демеев. Дадин зезеаг.** | 1 | 0 | 0 | 17.12. | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 28 | **С.Шамлов. Жима ц1а.** | 1 | 0 | 0 | 19.12. | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 29 | **Ж.Махмаев Деза денош.** | 1 | 0 | 0 | 24.12. | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 30 | **С.Гацаев Жимачу к1ентан ойланаш.Нийса а , т1едееъна а маь1на.** | 1 | 0 | 0 | 26.12. | https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 31 | **Хаарш зер.Проект «Тхан доьзал».** | 1 | 0 | 1 | 09.01. | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru |
| 32 | **Д.Кагерманов . Г1ура –Дада.** | 1 | 0 | 0 | 14.01. | https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 33 | **А.Тапалаева . Керла шо кхана хир ду.** | 1 | 0 | 0 | 16.01. | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 34 | **А-Хь. Хатуев Керла ло.** | 1 | 0 | 0 | 21.01. | https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 35 | **М-С. Гадаев  Жимачу к1ентан илли.** | 1 | 0 | 0 | 23.01. | https://desharkho.ru/ https://urok95.ru |
| 36 | **М.Сейлмуханов Хьоза.** | 1 | 0 | 0 | 25.01 | https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 37 | **Ю.Яралиев. К1айн 1ахар.** | 1 | 0 | 0 | 28.01. | https://desharkho.ru/ https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 38 | **Э.Мамакаев . Гуди. Хааргш зер** | 1 | 0 | 0 | 30.01. | https://desharkho.ru/ https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 39 | Хь.Аболханов. Ваха 1ама. | 1 | 0 | 0 | 04.02. | https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 40 | Ж.Махмаев. Дика лар. | 1 | 0 | 0 | 06.02. | https://desharkho.ru/ https://urok95.ru |
| 41 | А-Хь. Хатуев. Теша. | 1 | 0 | 0 | 11.02. | https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 42 | М.Ахмадов. Дада волчохь,  йуьртахь. | 1 | 0 | 0 | 13.02. | https://desharkho.ru/ https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 43 | Ю.Яралиев. Марха къобулдойла. | 1 | 0 | 0 | 25.02. | https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 44 | 1.Демеев. Г1аз. | 1 | 0 | 0 | 27.02. | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru |
| 45 | Ш. Хасаров.Жима кхор. | 1 | 0 | 0 | 04.03. | https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 46 | Хь. Хасаев .Лийчар.<br>. | 1 | 0 | 0 | 06.03. | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 47 | Самукъане аг1онаш. М.Сакаева. Кертахь лелаш н1аьна йу.. | 1 | 0 | 0 | 11.03. | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 48 | Хаарш зер | 1 | 1 | 0 | 13.03. | https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 49 | Хь. Сатуев Б1аьсте йог1у... | 1 | 0 | 0 | 18.03. | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru |
| 50 | 1.Демеев. Сан совг1ат. | 1 | 0 | 0 | 20.03. | https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 51 | Цураев Салман Со мамел хьалха хьала хьалаг1оттур йу. | 1 | 0 | 0 | 25.03. | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 52 | Ш. Макалов. Сийна б1аьсте. «Сийна стихаш» | 1 | 0 | 0 | 27.03. | https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 5<br>3 | М.Бексултанов. Б1аьстенан дийнахь.<br>М.Сейлмуханов. Кхечи б1аьсте. | 1 | 0 | 0 | 01.04. | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru |
| 5<br>4 | Самукъане аг1онаш. Хь.Талхадов.Б1аьсте. | 1 | 0 | 0 | 03.04. | https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 5<br>5 | Ш.Арсанукаев.Х1етал-металш. | 1 | 0 | 0 | 12.04. | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 5<br>6 | Хааргш зер | 1 | 1 | 0 | 15.04. | https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 5<br>7 | М.Ахмадов. Даймохк. | 1 | 0 | 0 | 17.04. | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru |
| 5<br>8 | М.Бексултанов .Даймохк бохург х1ун ду?. | 1 | 0 | 0 | 22.04. | https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 5<br>9 | П.Абубакарова. Соьлжа-г1ала. | 1 | 0 | 0 | 24.04. | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 6<br>0 | Ш.Окуев. Даймохк. | 1 | 0 | 0 | 26.04. | https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |
| 6<br>1 | Х.Батаева. К1иран ворх1 де.. | 1 | 0 | 0 | 29.04. | https://desharkho.ru/<br>https://urok95.ru<br>ps95.ru/dikdosham |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 62 | Б.Анзарова. Турпала Ханпаша. | 1 | 0 | 0 | 06.05. | https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 63 | Ш.Макалов. Аьхке. | 1 | 0 | 0 | 08.05. | https://desharkho.ru/ https://urok95.ru |
| 64 | М.Магомаев.Ба1. | 1 | 0 | 0 | 13.05. | https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 65 | Ш.Макалов. Къоршкъари. | 1 | 0 | 0 | 15.05. | https://desharkho.ru/ https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 66 | Л.Толстой.Воккха стаггий, хинаний | 1 | 0 | 0 | 20.05. | https://urok95.ru ps95.ru/dikdosham |
| 67 | Вежарий Гримм. Хударан кхаба. | 1 | 0 | 0 | 22.05. | https://desharkho.ru/ https://urok95.ru |